

L I V G I D P O U

BRANCH

L I V G I D P O U

BRANCH

Pibliye pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo
Salt Lake City, Utah

© 1993, 1999, 2001, pa Intellectual Reserve, Inc.

Tout dwa rezève

Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon pou Anglè: 3/01

Apwobasyon pou tradiksyon: 3/01

Tradiksyon *Branch Guidebook*
Haitian Creole

Kontni

Objektif yon branch	1
Prezidans branch	3
Fè entèvyou	7
Aple manm yo pou sèvi nan pozisyon nan Legliz la	9
Soutyen ak relèv	10
Mete manm yo apa pou apèl yo	12
Òdonans ak Benediksyon yo	13
Responsablite manm yo	14
Reyinyon yo	15
Lokal pou reyinyon	20
Materyèl kòm resous	21
Aktivite	22
Mizik	23
Rejis ak rapò	24
Finans	25
Fòmasyon dirijan	26
Fason pou jwen materyèl Legliz la ak sit enfòmasyon sou Istwa Familyal	27

Distribisyon

Liv *Gid pou Branch* lan se pou dirijan branch ki nouvo nan Legliz la e ki pa gen anpil eksperyans. L ap itil tou pou dirijan yo nan zòn ki pi byen tabli tou. Li ekspoze objektif, òganizasyon, ak pwosedi pou fè yon branch fonksyone.

Objektif yon branch



Pandan ministè mòtèl li, Jezikri te òganize Legliz li a sou tè a. Apre lanmò li, asanble kwayan yo te konn reyini ansanm pou adore; pou aprann epi pratike ansèyman li yo; epi pou sèvi, enspire, ak fòtifye youn lòt. Sovè a te pwomèt kote de oubyen twa moun rasanble ansanm nan non li, li nan mitan yo (gade Matye 18:20).

Jodi a, manm Legliz Jezikri pou Sen Dènve Jou yo òganize an asanble. Ti asanble yo rele branch, e chak branch gen yon prezidan branch pou prezide sou li. Lè Prezidans Zòn nan bay apwobasyon li, yon prezidan misyon kapab òganize yon branch nan yon zòn kote ki gen omwen de fanmi ki

manm k ap viv epi si youn nan manm yo se yon gason diy pou detni Prèttriz Mèlkisedèk la oubyen yon prèt nan Prèttriz Aawon an ki diy. Yon moun diy se yon moun ki te fè alyans avèk Senyè a, tankou alyans batèm, epi k ap lite tout bon pou kenbe alyans yo.

Prezidan misyon an sipèvize branch lan, epi prezidan branch lan responsab devan li. Lè yon bon valè manm nan branch lan te òganize youn ak lòt nan yon distans rezonab andedan yon misyon, prezidan misyon an, avèk apwobasyon Prezidans Zòn nan, kapab òganize branch sa yo pou fè yon distri. Lè yon branch fè pati yon distri òganize, prezidan branch lan

anba sipèvizyon yon prezidan distri, ki, limenm, fè rapò bay prezidan misyon an.

Legliz la prepare liv gid sa a pou ede dirijan branch yo aprann responsablite yo nan apèl yo ak fason pou yo ranpli yo. Tout dirijan yo ak lòt manm Legliz la dwe ede akonpli misyon Legliz la, ki se envite tout moun pou “vin jwenn Kris, epi pèksyone ou nan li” (Mowoni 10:32). Pou akonpli misyon sa a, dirijan yo ede manm yo:

- Pwoklame levanjil Jezikri a bay tout nasyon, moun, lang, ak pèp. Pataje levanjil la nan rann temwayaj jan Lespri a pouse yo. Misyone yo dwe kontinye ede kore nouvo konvèti yo pandan tranzisyon pou vini manm Legliz la.
- Pèfeksyone Sen yo. Ede nouvo konvèti yo pwogrese nan Legliz la nan asire ke yo gen yon zanmi, ak yon apèl epi yo nourri pa bon pawòl Bondye a. Resevwa òdonans yo epi

fè alyans levanjil yo, lite pou respekte kòmandman yo jan yo te fè pwomès la, sèvi pwochen yo, pran swen moun pòv ak sa ki nan nesesite yo, epi fratènze youn avèk lòt pou bati kominote Sen yo.

- Rachte mò yo. Idantifye zansèt ki mouri yo epi akonpli òdonans tanp pou yo amezi sa posib pou prepare fanmi an pou egzaltasyon.

Liv gid sa a kapab ede dirijan branch, endividi, ak fanmi yo aprann viv sou enfluyans Sentespri a pou akonplisman apèl yo nan Legliz la se yon privilèj ak yon jwa. Anplis liv gid sa a, ekriti yo, *Liv gid pou dirijan prèttriz ak òganizasyon oksilyè yo* (31178), *Liv gid pou fanmi* (31180), *Liv gid pou anseye* (34595), *Presep levanjil la* (31110), *Gospel Fundamentals* (31129), *Enfòmasyon pou dirijan prèttriz ak òganizasyon oksilyè yo sou kourikoulòm* (36363), ak lòt piblikasyon Legliz la ka itil.

Prezidans branch



Lè yo òganize yon branch, prezidan misyon an oubyen distri a avèk apwobasyon prezidan misyon an, pa enspirasyon Senyè a, aple epi mete apa yon gason ki diy ki se detantè Prètriz Mèlkisedèk pou vin prezidan branch la. Prezidan misyon oubyen distri a remèt prezidan branch lan kle pou l prezide. Si pa gen okenn detantè Prètriz Mèlkisedèk diy ki disponib, yo kapab aple epi mete apa yon prèt diy kòm prezidan branch.

Jiskaske nan branch lan gen omwen de manm detantè Prètriz Mèlkisedèk, prezidan branch lan pran swen manm yo epi fòtifye yo, vizite yo lakay yo souvan kòm enstriktè nan fwaye, dirije reyinyon Sentsèn yo,

pran tèt tout aktivite branch lan, epi prepare rapò yo. Lè vin gen plis gason nan branch lan ki resevwa prètriz la, prezidan misyon an gen dwa, sou direksyon Sentespri a, aple de konseye pou prezidan branch lan avèk yon grefye pou ede nan rejis branch lan. Prezidan branch lan ak de konseye yo fòme prezidans branch lan.

Prezidan branch lan se bèje branch lan, li prezide avèk lanmou ak jantiyès sou tout manm branch lan. Li montre egzanp nan ofri kòm sakrifis bay Senyè a “yon kè brize ak yon lespri kontri” (3 Nefi 9:20) epi li temwaye sou divinite Senyè a, Jezikri. Nan yon branch, prezidan branch lan:

- Se dirijan prezidan prèttriz la.
- Se jij òdinè.
- Dirije swen pou pòv ak moun ki nan neseseite yo.
- Okipe zafè rejis ak finans branch lan.

Manm nan prezidans branch yo pran swen manm yo epi fòtifye yo, dirije aktivite ouvèti yo nan reyinyon prèttriz yo, prezide sou Prèttriz Aawon an, epi dirije reyinyon Sentsèn yo.

Dirijan prezidan prèttriz la

Kòm dirijan prezidan prèttriz la, prezidan branch lan te resevwa kle prezidans pou administre travay Senyè a nan branch lan. Li prezide, pran swen, epi fòtifye tout manm branch lan, epi li anseye yo pou yo responsab nan apèl yo. Pandan kantite manm nan branch lan ap ogmante, konseye yo nan prezidans branch lan, dirijan kolèj prèttriz la, ak enstriktè nan fwaye yo ede li. Li ankouraje prezidan kolèj ansyen yo pou asire ke enstriktè nan fwaye yo jwenn afektasyon epi chak fanmi resevwa vizit regilyèman. Rapò tanzantan sou ansèyman nan fwaye prezidan kolèj ansyen yo ba li ede prezidan branch lan enfòmè sou bezwen manm yo.

Prezidan branch lan voye je sou kolèj nan, òganizasyon oksilyè yo, ak aktivite yo nan branch lan, patikilyèman sou jèn gason nan Prèttriz Aawon an

ak jènfi menm laj yo. Li se prezidan Prèttriz Aawon nan branch lan. Nan voye je sou jèn gason ak jèn fi yo soti nan laj 12 rive 18an nan branch lan, li fè entèvyou avèk yo regilyèman pou ede yo aprann epi viv dapre presèp levanjil yo epi prepare yo pou lavi yo demen. Li mete aksan sou preparasyon misyon ak misyon apentan pou jèn gason yo ak jèn fi ki enterese yo. Li aple jèn gason pou dirije kolèj Prèttriz Aawon yo. Li aple lòt manm tou pou dirije òganizasyon oksilyè branch lan (Sosyete Sekou, Jèn Jan, Jèn Fi, Primè, ak Lekòldidmanch). (*Gade Liv gid pou dirijan prèttriz ak òganizasyon oksilyè yo pou plis detay sou òganizasyon oksilyè yo*). Avèk èd de konseye li yo, li aple manm pou anseye klas yo a sèvi nan lòt pozisyon nan branch lan. Li fè entèvyou avèk dirijan yo nan kolèj avèk òganizasyon oksilyè yo regilyèman pou resevwa rapò sou apèl yo epi ba yo konsèy.



Prezidan branch lan prezide nan reyinyon Sentsèn yo, reyinyon prèttriz yo, ak lòt reyinyon branch lan li asiste, sof lè yon manm nan prezidans distri a oubyen misyon an, yon Swasanndis Otorite Zòn, oubyen yon Otorite Jeneral prezan. Prezidan branch lan envite otorite prezidan sa yo, ki an vizit, chita dèyè chè a. Li fè yon efò sensè pou asire ke tout reyinyon ak aktivite yo ede manm yo vin jwenn Kris la.

Prezidan branch lan dirije akonplisman pi fò nan òdonans yo (gade *Livingid pou fanmi an*). Li asire ke chak moun ki akonpli yon òdonans gen otorite prèttriz ki nesèsè a, diy pou sa, epi suiv fòm kòrèk la. Li apwouve òdinasyon ak avansman nan Prèttriz Aawon an. Apre konsiltasyon avèk prezidan distri oubyen misyon an, li rekòmande frè pou resevwa Prèttriz Mèlkisedèk la epi pou òdone nan ofis ansyen. Avèk apwobasyon prezidan misyon an, prezidan distri a, prezidan branch lan, oubyen lòt gason diy detantè Prèttriz Mèlkisedèk la kapab konfere Prèttriz Mèlkisedèk la epi òdone moun ansyen.

Jij Òdinè

Prezidan branch lan se jij òdinè pou manm branch lan. Li fè entèvyou avèk yo pou jije diyite yo pou rekòmandasyon tanp, òdinasyon yo, òdonans yo, apèl, ak benediksyon

patriyakal yo. Li kapab bay konsèy a manm branch lan k ap chèche gidans espiritiyèl.

Pou ede prezidan branch lan nan responsablite li kòm jij òdinè, Senyè a pwomèt li don disèneman. Lè li diy pou l resevwa li, don sa a ede l konnen kisa ki nan kè yon moun. Li ede li konnen kisa pou l di ak fè pou ede yon moun.

Lè manm Legliz la peche, prezidan branch lan kapab ankouraje epi ede yo repanti pandan yo konfese peche yo ba li ak bay Senyè a.

Si yon manm komèt yon peche grav, yon aksyon disiplinè fòmèl Legliz la, ak eprèv ofisyèl, diskalifikasyon, oubyen eskominikasyon, kapab nesèsè. Prezidan branch lan diskite sijè a avèk prezidan misyon an, ki deside si yon konsèy disiplinè nesèsè. Sou direksyon prezidan misyon an, yon prezidan distri oubyen yon prezidan branch ki gen Prèttriz Mèlkisedèk kapab prezide yon konsèy disiplinè. Konsèy sa yo reyalize nan yon espri lanmou. Yo la pou ede yon pechè repanti epi apre sa jwi tout benediksyon levanjil la.

Si prezidan branch lan se yon prèt, li pa otorize pou sèvi kòm jij òdinè. Nan sitiasyon sa a, prezidan misyon an se jij òdinè pou manm branch lan.

Pran swen pòv ak moun ki nan neseseite

Prezidan banch lan anseye manm yo pou yo otonòm epi kontribye nan ofrann jèn pou ede asiste moun ki nan neseseite yo. Li gen responsablite sakre pou chèche pòv diy yo ak moun ki nan neseseite nan branch lan epi itilize ofrann jèn yo pou pran swen yo. Prezidan kolèj ansyen an ak prezidan Sosyete Sekou a kapab ede li.

Prezidan branch lan suiv politik Legliz la pou li detèmine fason pou ofrann jèn yo sèvi pou pran swen pòv ak moun ki nan neseseite yo.

Kontwole finans ak rejis yo

Prezidan branch lan resevwa epi kontabilize dim, ak ofrann manm yo bay. Li dirije itilizasyon ak repatisyon lajan nan branch lan, prepare rapò anyèl dim, epi asire ke rejis ak rapò branch lan kòrèk epi alè an akò avèk

politik Legliz la jan prezidan misyon oubyen distri a dirije li. Okenn dirijan pa gen dwa itilize fon legliz la pou pou benefis pèsònèl li nan kelkeswa kondisyon an.

Li dwe asire ke chak mwa branch lan resevwa ofrann jèn yo nan lòd. Lè manm yo ap jene, yo dwe sote youn dèyè lòt de repa san manje ni bwè epi bay yon ofrann jèn ki gen menm valè avèk manje ak bwason yo pa t pran an.

Lè prezidan branch lan se yon prèt, prezidan misyon an kontwole don yo ak depans yo nan branch lan.

Pi vit li posib, prezidan branch lan dwe aple epi fòme yon grefye ki genyen prèttriz, ki peye yon dim konplè, ki gen yon temwayaj fèm sou levanjil la, demontre yon volonte pou obeyi kòmandman Senyè a. Prezidan branch lan dwe asire ke grefye a suiv politik Legliz la nan jere lajan Legliz la.

Fè entèvyou



Yon entèvyou se yon reyinyon ant yon dirijan ak yon lòt moun. Nan yon entèvyou, dirijan an poze kesyon, koute, anseye, epi bay lòt moun nan konsèy. Entèvyou yo founi yon okazyon pou pataje enfòmasyon oubyen fè rapò sou yon tach oubyen yon apèl. Yo founi okazyon tou pou bay enstriksyon ak konsèy. Yon entèvyou se yon bon moman pou yon dirijan anseye manm yo doktrin, prensip, ak pratik yo nan Legliz la, nan itilize ekriti yo, ak ansèyman pwofèt Sen Dènnye Jou yo.

Prezidan branch lan fè entèvyou avèk timoun yo lè yo preske gen uitan pou detèmine preparasyon yo pou yo batize epi konfime manm Legliz la lè youn

nan paran yo se manm Legliz la epi toulede paran yo dakò pou li batize. (Dijijan misyon yo fè entèvyou batèm pou kandida ki gen plis pase nevan ak timoun uitan ki pa gen okenn nan paran yo ki manm pou detèmine diyite kandida yo pou batèm ak konfirmasyon.) Prezidan branch lan fè entèvyou avèk manm branch lan pou detèmine diyite yo pou resevwa prèttriz, pou avanse nan prèttriz la, oubyen sèvi nan yon apèl nan Legliz la. Prezidan branch lan ak prezidan misyon an fè entèvyou avèk manm branch lan pou detèmine diyite yo pou resevwa yon rekòmasyon pou tanp.

Sigjesyon sa a yo kapab ede dirijan yo fè entèvyou pi itil epi ki pote plis fwi.

1. Chwazi yon sal kote moun p ap entèwonp entèvyou a.
 2. Enfòmè moun nan poukisa li gen entèvyou a.
 3. Poze kesyon yo avèk lanmou, yon fason dirèk.
 4. Kite moun nan poze kesyon epi eksprime santiman li.
 5. Koute sa moun nan di.
 6. Bay konsèy, enstriksyon, ak tach yo klèman.
 7. Remèsye epi ankouraje moun nan, epi, si Lespri a pouse ou, rann temwayaj, li pasaj nan ekriti yo, epi priye ansanm. Ede moun nan ale avèk santiman fòs ak espwa.
 8. Kite tan ase pou entèvyou a yon fason pou moun nan pa santi w ap pouse do l.
- Lè l ap fè entèvyou avèk yon fi, prezidan branch lan ta dwe mande yon detantè prèttriz pou rete tou pre chanm nan, kay la, oubyen sal la, kote ki apwopriye a.

Aple manm yo pou sèvi nan pozisyon nan Legliz la



Nan moman apèl manm yo pou sèvi nan pozisyon nan Legliz la, dirijan prèttriz yo dwe fè entèvyou avèk chak moun an prive pou konnen si moun nan diy pou sèvi; si moun nan gen kapasite, dezi, ak tan ase pou fè travay apèl la; epi si sitiyasyon famiyal moun nan ap pèmèt li sèvi.

Si dirijan an santi, atravè enspirasyon, moun sa a se bon moun nan pou pozisyon an, li mande moun nan pou aksepte apèl la, epi montre klè se nan Bondye apèl li sòti. Li eksplike an

detay devwa ak benediksyon nan apèl la epi li enfòmè moun nan l ap gen pou l relve apre yon peryòd sèvis.

Anvan apèl yon madanm marye, yon dirijan dwe diskite avèk mari a epi asire li ap sipòte l. Nan moman apèl yon gason nan yon pozisyon, yon dirijan dwe asire ke madanm gason an ap sipòte l. Yon dirijan ta dwe diskite avèk paran yo anvan apèl yon timoun oubyen yon jèn pou sèvi nan yon pozisyon nan Legliz la.

Soutyen ak relèv



Lè yon manm aksepte yon apèl oubyen pral òdone nan ofis yo nan Prètriz Aawon an, yon manm nan prezidans branch lan ta dwe mande moun li pral sèvi yo soutni li nan yon reyinyon Legliz la. Pou fè sa, ofisyè prezidan oubyen k ap dirije a prezante non yo (nan yon reyinyon Sentsèn pou apèl nan branch oubyen nan klas oubyen kolèj pou ofisyè klas oubyen kolèj yo) epi li mande manm yo fèk ap aple yo pou yo kanpe pandan asanble a, klas la, oubyen kolèj nan ap soutni yo. Moun k ap prezante non moun pou so soutni yo kapab di:

“Nou te aple [di non moun nan] pou sèvi kòm [mansyone pozisyon kote

moun nan pral aple a] epi pwopoze pou yo soutni [li] nan apèl sa a. Moun ki dakò kapab montre sa nan leve men yo. [Tann pou moun ki dakò yo leve men yo.] Moun ki pa dakò, si genyen, kapab leve men yo pou montre sa. [Tann yon moman pou moun ki pa dakò yo leve men yo.]”

Yon manm nan prezidans lan kapab diskite an prive avèk nenpòt moun ki pa dakò. Moun y ap soutni yo ta dwe leve men yo pou soutni tèt pa yo. Si non de oubyen plis manm ta dwe prezante pou soutyen, yo ka soutni yo an gwoup.

Nan moman relèv manm yo nan pozisyon nan Legliz la, yon dirijan prètriz la fè entèvyou avèk yo, remèsye yo

sensèman pou sèvis yo, eksplike moman pou relèv yo rive. Nan reyinyon sentsèn, ofisye prezidan an oubyen ofisye k ap dirije a anonse relèv nan pozisyon nan Legliz la. Lè manm yo relve nan pozisyon nan klas oubyen kolèj, ofisye prezidan

oubyen k ap dirije a anonse relèv yo nan reyinyon klas oubyen kolèj. Nan anonse relèv yo, dirijan yo mande manm yo leve men yo pou montre apresyasyon yo pou sèvis chak moun ki relve te rann.

Mete manm apa pou apèl yo



Manm ki aple nan pozisyon nan Legliz la dwe resevwa mizapa anvan yo kòmanse sèvi (gade D&A 42:11). Sou direksyon otorite prezidan an, youn oubyen plizyè detantè Prètriz Mèlkisedèk, ladan yo yon papa oubyen yon mari diy, kapab patisipe nan yon mizapa. Yo mete men yo lejèman sou tèt moun nan. Moun k ap pale a:

1. Rele moun nan pa non li.
2. Deklare li mete moun sa a apa pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.

3. Mete moun nan apa nan pozisyon yo te aple li a.

4. Ba li benediksyon dapre jan Lespri a dirije l.

5. Fini nan non Jezikri.

Nan mizapa yon prezidan nan yon kolèj ansyen, enstriktè, oubyen dyak, prezidan misyon oubyen branch lan remèt moun l ap mete apa a kle pou prezide sou kolèj nan.

Òdonans ak benediksyon yo



Òdonans prèttriz yo se kèk aksyon sakre Senyè a bay epi ki akonpli pa otorite prèttriz la. Moun resevwa benediksyon prèttriz la pa pouvwa otorite prèttriz la pou gerizon, konsolasyon, ak ankourajman. Frè yo ki akonpli òdonans ak benediksyon yo dwe prepare tèt yo nan viv dapre prensip levanjil la epi lite pou Sentespri a gide yo. Yo akonpli chak òdonans ak benediksyon yon fason plen respè. Chak òdonans ak benediksyon ta dwe akonpli:

1. Nan non Jezikri
2. Pa otorite prèttriz la.

3. Avèk tout demach nesèsè yo, tankou pawòl espesyal oubyen luil konsakre.
4. Lè li rekòmande, òdonans yo ta dwe resevwa otorizasyon pa dirijan deziye nan prèttriz la ki kenbe kle apwopriye yo. *Òdonans ki mande otorizasyon dirijan prèttriz la se nonmen ak beni timoun, fè batèm ak konfirmasyon, bay prèttriz epi òdone nan yon ofis nan prèttriz la, beni ak distribye sentsèn, ak dedikase tonm.*

Gade *Liv gid pou fanmi an* pou enstriksyon konsènan òdonans ak benediksyon yo.

Responsablite manm yo



Dirijan Legliz yo envite tout manm Legliz la, nenpòt kote y ap viv, pou sipòte misyon Legliz la nan akonpli responsablite fondamantal tankou (1) pataje levanjil la nan rann temwayaj yo selon jan Lespri a pouse yo; (2) ede moun yo ak fanmi yo pèfèksyone tèt yo nan vwayaj yo nan direksyon imòtalite a ak lavi etènèl la nan lite pou respekte kòmandman yo,

sèvi pwochen yo, epi resevwa òdonans ak alyans yo nan levanjil la; epi (3) ede chak moun yo ak fanmi yo nan rechèch sou zansèt yo ki mouri epi ankouraje yo resevwa òdonans tanp yo. Tout manm Legliz la sipòte misyon Legliz la nan akonpli responsablite sa yo. Pou plis enfòmasyon sou responsablite sa yo, gade *Liv gid pou fanmi an*.

Reyinyon yo



Branch kote se sèl prezidan branch lan ki detantè Prèttriz Mèlkisedèk oubyen ki se prèt nan Prèttriz Aawon an fè reyinyon sentsèn ak yon reyinyon dominikal enstriksyon sou levanjil la pou manm yo.

Branch ki gen yon kolèj òganize fè reyinyon sa yo anplis sa yo ki mansyone nan paragaf pi wo a:

1. Reyinyon prèttriz
2. Reyinyon dominikal pou fi, jèn fi, ak timoun yo.
3. Reyinyon komite egzekitif prèttriz
4. Reyinyon konsèy branch

Si kantite manm yo ase epi kote dirijan yo ak èspas pou reyinyon yo dis-

ponib, yon branch ka sispann reyinyon dominikal pou fi, jèn fi, ak timoun yo epi yo ka fè reyinyon sa a yo anplis sa yo ki nan paragaf anvan an:

1. Sosyete Sekou
2. Prèttriz Aawon (Jèn jan)
3. Primè
4. Lekòl Didimanch
5. Jèn fi
6. SAM, kote Jèn jan nan laj Prèttriz Aawon yo ak Jèn fi menm laj yo rankontre separeman oubyen ansanm nan aswè yon jou lasemèn oubyen samdi pou aktivite jèn yo ak enstriksyon sou direksyon ak sipèdvizyon prezidans branch lan.

Opsyon pou Reyinyon Dimanch yo

Enfòmasyon pou dirijan prèttriz yo ak òganizasyon oksilyè yo sou kourikoulòm nan montre opsyon pou reyinyon Dimanch yo.

Sware Familyal

Chak fanmi fè yon sware familyal nan fwayer pa yo omwen chak semèn (gade *Liv gid pou fanmi an*).

Reyinyon sentsèn

Prezidan branch lan prezide nan reyinyon sentsèn, pandan kèk frè diy ki detantè prèttriz apwopriye a beni epi distribye sentsèn nan. Yon manm nan prezidans branch lan dirije reyinyon an epi fè efò pou li kòmanse alè. Men yon egzanp ajanda:

1. Swete byenvni epi etabli yon atmosfè espiyèl pou reyinyon an
2. Kèk anons
3. Chan ak priyè ouvèti
4. Afè branch lan
5. Chan sentsèn ak administrasyon sentsèn nan


6. Oratè sou sijè levanjil la apiye sou ekriti yo ak ansèyman apot ak pwofèt dènye jou yo

7. Nan entèval diskou yo, yon prezantasyon pa asanble a oubyen koral branch lan, dabitid yon chan nan liv kantik la (si ou vle)

8. Chan ak priyè kloti

Yon fwa pa mwa, dabitid premye dimanch, reyinyon Sentsèn nan se yon reyinyon jèn ak temwayaj tou. Manm yo envite pou vini nan yon espri jèn ak priyè apre yo evite manje ak bwè pandan de repa si sante yo pèmèt yo.

Apre benediksyon ak distribisyon sentsèn nan, manm prezidans branch lan k ap dirije reyinyon jèn ak temwayaj la rann temwayaj li sou Jezikri ak levanjil la epi envite lòt manm yo rann pwòp temwayaj pa yo pou rès reyinyon an. Reyinyon an fini avèk yon chan ak yon priyè. Pandan chak reyinyon sentsèn yo beni epi distribye sentsèn nan (gade “Òdonans ak benediksyon yo” nan liv gid sa a).



Reyinyon prèttriz

Reyinyon prèttriz la fèt anvan oubyen apre reyinyon sentsèn nan. Yon manm nan prezidans branch lan dirije aktivite ouvèti yo. Men yon modèl ajanda:

1. Swete byenvni epi tabli yon atmosfè espiritiyèl
2. Kèk anons ak afè legliz la
3. Chan ak priyè ouvèti
4. Separasyon an kolèj pou afè ak ens-triksyon
5. Priyè kloti nan kolèj yo

Apre aktivite ouvèti yo, tout gran-moun gason (19 ane ou plis) rankontre nan reyinyon kolèj ansyen yo, sou prezidans prezidan kolèj ansyen yo.

Tout jèn gason (12 rive 18 ane) rankontre nan reyinyon kolèj prèttriz Aawon an anba prezidans prezidan branch lan. Lè sal reyinyon yo ak kantite manm yo limite, jèn gason nan Prèttriz Aawon yo kapab reyini avèk frè yo nan Prèttriz Mèlkisedèk la. Men, lè kantite jèn gason yo ase, epi gen ase dirijan granmoun epi sal pou reyinyon yo disponib, dyak yo, enstriktè, ak prèt yo reyini nan klas kowòm separe. (Gade *Liv gid pou dirijan prèttriz ak òganizasyon oksilyè yo.*)

Reyinyon dominikal pou fi, jènfi, ak timoun

Nan ti branch ki pa gen ase sè ak timoun pou òganize epi reyini yo kòm òganizasyon oksilyè separe, prezidan Sosyete Sekou a dirije aktivite ouvèti yo. Ladan yo nou ka jwenn:

1. Swete byenvni epi tabli yon atmosfè espiyèl
2. Kèk anons ak afè
3. Chan ak priyè ouvèti
4. Chan ak kantik pou timoun
5. Enstriksyon pa prezidan Sosyete Sekou a oubyen separasyon klas yo
6. Priyè kloti

Lè pa gen èspas ase pou aktivite ouvèti separe nan ti branch piti, gason yo, fi, ak timoun yo reyini ansanm pou aktivite ouvèti konbine sou direksyon prezidan branch lan.

Lè branch la grandi, jènfi yo (nan laj 12 rive 18 ane) kapab reyini avèk Sosyete Sekou pandan timoun yo (nan laj 3 rive 11 ane) reyini sou direksyon sè prezidan branch lan deziye

Lè Sosyete Sekou, Jèn fi, Primè, Ak Lekòl Didimanch òganize nan yon branch, Sosyete Sekou ak Jèn fi reyini separeman chak dimanch pandan menm lè reyinyon prèttriz la. Aktivite ouvèti Primè a ak peryòd echanj lan fèt mwaye nan tan an, e klas enstriksyon an fèt pandan lòt mwaye a. Nan reyinyon òganizasyon oksilyè yo, manm yo priye, chante kantik, anseye, epi aprann levanjil la.

Reyinyon komite egzekitif prèttriz

Prezidans branch la, grefye, sekretè egzekitif, prezidan kolèj ansyen yo, prezidan Jènan, ak dirijan misyon branch lan (lè li aple) fè pati komite egzekitif prèttriz la. Komite sa a reyini souvan selon bezwen yo pou koòdone aktivite branch lan, pwogram yo, ak sèvis pou asire ke yo fòtifye fanmi ak moun yo epi satisfè bezwen manm yo. Prezidan branch lan prezide. Komite a diskite epi koòdone responsablite prèttriz la tankou ansèyman nan fwaye, travay misyonè, travay tanp ak istwa familyal.



Reyinyon konsèy branch

Prezidans branch lan, grefye, sekretè egzekitif, prezidan kolèj ansyen yo, prezidan Jèn jan nan branch lan, ak dirijan misyon branch la (lè li aple); prezidan Sosyete Sekou, Jèn fi, Primè, ak Lekòl Didimanch; ak koòdonatè amelyorasyon enstriktè nan branch lan rankontre nan konsèy branch lan. Nan reyinyon sa yo konsèy la chèche fòtifye moun yo ak fanmi yo espirityèlman; ede yo nan preparasyon pou resevwa òdonans tanp yo; amelyore retansyon nouvo batize yo; anseye

prensip pou pran swen pòv yo; planifye pwogram, aktivite, ak sèvis nan branch la; epi rezoud pwoblèm ki nan branch la. Prezidan Sosyete Sekou a diskite sou nesosite medam yo, jèn fi, ak timoun yo nan branch lan lè yo pa aple prezidan Jèn fi ak Primè. Prezidan branch lan mande ide ak sigjesyon, epi li ede lòt yo patisipe totalman nan diskisyon yo, desizyon, ak planifikasyon yo. Li pran sigjesyon yo an konsiderasyon ak atansyon nan fè planifikasyon ak bay tach.

Lokal pou reyinyon



Sware familyal fèt lakay manm yo. Tout lòt reyinyon branch yo fèt nan yon kay, yon bilding ki lwe, oubyen yon konstriksyon pwopriyete Legliz la. Prezidan misyon an ka founi enfòmasyon sou fason pou jwenn epi kon-

sève yon lokal pou yon branch. Dirijan sa yo ka founi enfòmasyon tou sou fason pou lwe yon lokal pou reyinyon avèk kondisyon pou konstwi yon lokal k ap pwopriyete Legliz la.

Materyèl kòm resous



Legliz la pibliye materyèl kòm resous pou ede manm yo aprann epi viv prensip Levanjil Jezikri a. Nan materyèl sa yo genyen ekriti yo, manyèl leson yo, *Lyaawona* a, desen sou levanjil la, liv gid yo. Materyèl Legliz la baze sou ekriti yo ak pawòl pwofèt nan dènye jou yo. Materyèl pou branch yo se materyèl kourikoulòm debaz oubyen materyèl jeneral yo oubyen yon konbinezon toulède (gade *Enfòmasyon pou dirijan prèttriz ak òganizasyon oksilyè yo sou kourikoulòm*). Kote *Lyaawona* a disponib, chak fanmi nan branch lan ta dwe abòne.

Chak ane biwo zòn nan oubyen sant distribisyon an voye manyèl leson

pou branch yo, lòt materyèl kòm resous, ak enfòmasyon konsènan kòmand liv anplis oubyen lòt materyèl ki apwouve.

Dirijan branch yo dwe konsève materyèl resous sa yo nan lokal kote reyinyon branch la fèt oubyen lakay yon manm. Dirijan yo ta dwe emfòme manm yo ke materyèl yo disponib epi ankouraje yo pou itilize yo pou prepare leson ak diskou epi pou etid pèsonèl yo. Enstriktè yo ka resevwa manyèl pou kowòm ak klas yo, men yo ta dwe ankouraje yo retounen yo bay branch lan oubyen pawas la nan moman relèv yo kòm enstriktè.

Aktivite



Sou direksyon dirijan branch yo, branch lan planifye epi reyalize aktivite pou satisfè bezwen manm yo. Men, aktivite branch lan pa ta dwe anpeche aktivite famiyal ni entèwonp lavi famiyal. Tout aktivite yo pa ta dwe koute chè pou evite okenn

moun pa patisipe pou rezon lajan. Tout depans lajan egzije apwobasyon inisyal prezidans branch lan. Aktivite planifye pou Dimanch yo ta dwe konfòm avèk jou Saba a. Okenn aktivite pa dwe planifye pou lendi swa paske yo rezève jou sa a pou sware famiyal.

Mizik



Chan yo nan Legliz la ak lòt mizik apwopriye, kit yo jwe oubyen chante, enpòtan nan reyinyon yo nan Legliz la, nan kay yo, ak nan lavi pèsònèl yo. Gen mizik apwopriye yo nan *Prensip levanjil yo*, *Liv kantik yo*,

Liv chan timoun yo, ak *Chan ak kantik pou timoun*, ki disponib nan plizyè lang. Fòmasyon an mizik ak pyano kapab disponib pou moun k ap sèvi yo oubyen ki ap gen pou sèvi nan apèl nan mizik pita.

Rejis ak rapò

Senyè a te kòmande Legliz la pou konsèveojis. Gen kat kaliteojis yo bay ki sèvi pou ede dirijan yo sipòte manm yo, se:

- Rejis finansye (kontribisyon manm yo ak rapò finansye pa mwa).
- Rapò pwogresyon manm (asistans manm ak ofis nan prètriz nouvo manm yo).
- Rejis manm yo (enfòmasyon sou manm yo, ladan yo òdonans yo).
- Rejis istorik (soutyen ofisye ak rapò sou aktivite).

Nan konsèveojis sa yo ak prepare rapò sa yo, prezidan branch lan ta dwe suiv enstriksyon prezidan misyon an. Li ka aple yon grefyè branch pou ede konsèveojis yo.

Sou direksyon prezidan misyon an, dirijan branch yo jwenn enstriksyon sou enpòtans ak itilizasyonojis yo avèk rapò yo e yo dwe anrejistre tout evènman istorik enpòtan pou branch oubyen pawas la. Enfòmasyon konfidansyèl nanojis Legliz la konsève avèk swen pa moun ki jereojis sakre sa yo.

Finans



Senyè a bay chak manm Legliz la opòtinite pou resevwa anpil benediksyon nan peye dim ak ofrann yo ak nan fè lòt don. Manm yo peye yon di-zyèm nan revni yo kòm dim. Anplis, yo jwenn envitasyon pou yo jene pou de repa yon fwa chak mwa nan dimanch jèn nan epi bay omwen valè de repa sa yo nan Legliz la pou pran swen pòv ak moun ki nan neseseite yo

nan branch lan. Yo envite manm yo tou pou fè Legliz la don pou travay misyonè, konstriksyon tanp, ak lòt efò Legliz la.

Kote li posib, de frè ki detantè prèttriz ta dwe ouvè anvlòp ki gen dim, ofrann yo, ak lòt don yo, ranpli resi a, epi fè depo lajan an oubyen fè dapre jan prezidan misyon an di.

Fòmasyon dirijan



Dirijan prèttriz nan misyon yo anseye dirijan prèttriz nan branch yo fason pou dirije branch lan, akonpli responsablite debaz prèttriz la, epi ede manm yo itilize prèttriz la nan lavi yo. Dirijan prèttriz nan misyon yo founi oryantasyon pou dirijan oksilyè branch yo nan akonplisman responsablite yo.

Dirijan prèttriz nan misyon yo asire yo ke chak branch gen materyèl nesèsè pou branch lan fonksyone nòmalman kòm yon inite nan Legliz la.

Pou enfòmasyon siplemantè konsènan fason yo dirije, gade *Liv gid pou dirijan prèttriz ak òganizasyon oksilyè yo*.

Fason pou jwen materyèl Legliz la ak sit enfòmasyon sou Istwa Familyal

Dirijan lokal yo ak lòt manm yo ka jwenn materyèl Legliz la, tankou ekriti yo, pwogram etid yo, magazin Legliz la, gaman, rad pou tanp, apati sant distribisyon pa yo oubyen sant pou sèvis, depi Sant Distribisyon Salt Lake la, oubyen atravè sit ofi-

syèl Entènèt Legliz la, ki sitiye nan www.lds.org.

Enfòmasyon sou travay istwa familyal disponib sou sit Entènèt istwa familyal Legliz la, ki sitiye nan www.familysearch.org.

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

